

# Enfòmasyon sou Prencip Konfidansyalite nan Bon Secours Charity Health System [Sistèm Sante Lacharite Bon Sekou]

DOKIMAN SA A DEKRI KOUMAN NOU KA SÈVI AVÈK ENFÒMASYON MEDIKAL NOU GENYEN SOU OU, OSWA KOMINIKE YO BAY LÔT KOTE, EPI KOUMAN OU KA GADE ENFÒMASYON SA YO. TANPRI LI DOKIMAN SA A BYEN.

## PWOMÈS NOU FÈ SOU ENFÒMASYON MEDIKAL NOU GENYEN SOU OU:

Bon Secours Charity Health System ap fè tout sa li kapab pou pwoteje enfòmasyon medikal li genyen sou ou. Nou kenbe yon dosye sou tout swen ak sèvis medikal ou resevwa nan lokal Bon Secours Charity Health System yo, pou nou sèvi avèk yo pou swen ak tretman nou fè pou ou. Dosye sa a nesesè pou nou kapab ba ou bon kalite swen, ak pou nou satisfie kondisyon legal ki genyen.

Enfòmasyon ki nan dokiman sa a aplikab pou tout dosye sou swen sante w, ki anrapò avèk sèvis ou resevwa nan lopital, sèvis nan sant pou pasyan ekstèn, ak nan lôt lokal ki fè patin nan Bon Secours Charity Health System lan, menm jan ak sèvis ou resevwa nan men doktè ak lôt pwofesyonnel sante ki sèvi nan lokal sa yo, kit se anplwaye Bon Secours Charity Health System, kit se pwòp doktè pèsonnèl ou ki trete w. Si doktè pèsonnèl ou pa yon anplwaye Bon Secours Charity Health System, li kapab genyen lôt prensip oswa suiv lôt règleman nan jan li sèvi avèk enfòmasyon li genyen sou ou nan biwo ak nan klinik li, oswa nan jan pou li kominike enfòmasyon sa yo bay lôt kote.

Dokiman enfòmasyon sa a fè w konnen kouman nou kapab sèvi avèk enfòmasyon medikal nou genyen sou ou, oubyen kominike enfòmasyon yo. Li di w tou ki dwa ou genyen, ansanm ak kèk obligasyon nou genyen sou jan nou sèvi avèk enfòmasyon nou genyen sou ou ak kominike enfòmasyon sa yo.

## Lalwa oblige nou:

- veye pou enfòmasyon medikal ou pwoteje;
- ba ou enfòmasyon sou sa ki obligasyon legal nou ak metòd travay pou pwoteje konfidansyalite sou enfòmasyon medikal nou genyen sou ou; epi
- suiv kondisyon ki ekri nan dokiman enfòmasyon ki anvige kounye a.

## KILÈS KI PRAL SUIV PRENSIP KI NAN DOKIMAN SA A?

Dokiman enfòmasyon sa a dekri metòd travay Bon Secours Charity Health System yo, ak metòd moun ak òganizasyon ki pi ba la yo (k ap rele ansanm "nou") oblige suiv:

- tout divison, afilye, enstalasyon, ekip medikal, depatman, ak inite nan Bon Secours Charity Health System;
- tout manm nan yon gwooup volontè nou otorize sèvi w pandan ou nan lokal Bon Secours Charity Health System;
- tout anplwaye, manm pèsonnèl, ak lôt moun ki travay nan Bon Secours Charity Health System; epi
- doktè, klinik doktè, estajyè, etidyan medsin ki travay nan Bon Secours Charity Health System, anrapò avèk sevis ki fè ak dosye medikal yo kenbe nan lokal Bon Secours Charity Health System yo, oswa nan klinik doktè ki sèvi oubyen ki siyen kontra avèk Bon Secours Charity Health System.

## KOUMAN NOU KA SÈVI AVÈK ENFÒMASYON MEDIKAL NOU GENYEN SOU OU, OSWA BAY LÔT KOTE ENFÒMASYON SA YO

Seksyon pi ba la a dekri diferan jan nou kapab sèvi avèk enfòmasyon medikal nou genyen sou ou, ak kominike enfòmasyon yo bay lôt kote. Pou chak kategori metòd nou sèvi ak enfòmasyon yo, oswa kominike enfòmasyon yo, n ap bay yon deskripsyon ansanm ak kèk egzanp. Gen kèk enfòmasyon, tankou enfòmasyon jenètik, enfòmasyon sou pran dwòg oswa sou bwè alkòl, enfòmasyon sou VIH, ak enfòmasyon sou sante mantal ki kapab tonbe anba kèk restrikson lalwa nan. Eta a oubyen nan gouvenèman federal mete. Nou respekte tout lwa Eta ak tout lwa gouvenèman federal ki aplikab sou pwotekson enfòmasyon sa yo. Kapab gen ka nou konn sèvi ak enfòmasyon oswa bay enfòmasyon yo ki pa parèt nan lis la, men tout jan nou gen dwa sèvi ak enfòmasyon yo oswa kominike yo pral tonbe nan youn nan kategori pi ba la yo.

**Tretman:** Nou kapab bezwen sèvi avèk oubyen bay lôt moun enfòmasyon medikal nou genyen sou ou, pou rive fè tretman oubyen sèvis pou ou. Nou kapab kominike enfòmasyon medikal nou genyen sou ou bay doktè, enfimyè, teknisyen, etidyan, oswa lôt anplwaye k ap okipe w. Pa egzanp, si yon doktè ap trete w paske zo ranch ou kase, li ka bezwen konnen si ou soufri dyabèt, pou i kapab preskri medikaman, tretman ak manje ou bezwen. Nou ka kominike enfòmasyon medikal nou genyen sou ou bay anplwaye Bon Secours Charity Health System, oswa bay lôt pwofesyonnel sante, ajans, oswa sèvis ki pa afilye nan Bon Secours Charity Health System, pou yo kapab bay ak kowidòne diferan bagay ou bezwen, tankou preskripsiyan, analiz laboratwa, ak radyografi. Nou ka kominike enfòmasyon medikal nou genyen sou ou tou bay moun ki pa travay nan Bon Secours Charity Health System, pou yo ka patisipe nan tretman w apre ou kite Bon Secours Charity Health System, tankou lôt pwofesyonnel sante, kompayi transpò, ajans kominote, ak moun nan fanmi w oswa lôt moun ki pral fè sèvis pou okipe sante w. Nou ka kominike enfòmasyon nou genyen sou ou bay nenpòt doktè nou konnen k ap trete w, menm si se doktè ki pa yon patisipan direk nan okenn aktivate medikal nan Bon Secours Charity Health System. Pa egzanp, se nômal pou Bon Secours Charity Health System kominike enfòmasyon sou tretman w bay doktè prensipal ou (PCP). Nou ka patisipe nan yon echanj enfòmasyon elektwonikkou sou pasyan, pou fasilite echanj enfòmasyon nou genyen sou ou pou yo ka fè tretman w.

**Peman:** Nou ka sèvi avèk oubyen kominike enfòmasyon medikal nou genyen sou ou, pou peye sèvis Bon Secours Charity Health System oswa lôt kote ki patisipe nan tretman w, tankou kompayi ki gen sèvis anbilans. Pa egzanp, nou ka sèvi avèk oswa kominike enfòmasyon medikal nou genyen sou ou, pou pèmèt Bon Secours Charity Health System oswa lôt kote k ap patisipe nan tretman w resevwa peman pou sèvis ou nan men w, oswa nan men yon kompayi asirans ou, oswa nan men yon lôt sèvis. Nou ka kominike enfòmasyon medikal nou genyen sou ou bay Administrasyon Sekirite Sosyal, oswa bay lôt moun oubyen bay lôt kote ki peye pou ou, oswa bay plan pou sèvis sante, oswa kompayi ki peye pou aksidan nan travay, oubyen ki responsab pou peye tout oubyen yon moso nan lajan yo dwe peye pou ou. Pa egzanp, nou kapab genyen pou bay kompayi asirans ou enfòmasyon sou operasyon nou fè pou ou nan Bon Secours Charity Health System, pou kompayi asirans lan peye nou oswa pou l remet ou lajan ou peye pou

operasyon an. Nou ka fè kompayi asirans ou konnen yo pral fè yon tretman pou ou, pou yo ka di si yo pral peye pou tretman an, oubyen pou rezoud yon pwoesi apél oswa yon plient. Men sèlman, si ou peye davans an kach pou tretman w, epi ou mande nou pa bay kompayi asirans ou enfòmasyon medikal nou genyen sou ou, n ap respekte volonte w.

**Aktivite pou Swen Sante:** Nou kapab sèvi avèk oswa kominike enfòmasyon medikal nou genyen sou ou pou aktivite nou bezwen fè pou sante w, oswa pou kèk lôt aktivite lôt pwofesyonnel sante ap fè pou ou. Li nesesè pou nou sèvi avèk enfòmasyon sa yo, oswa kominike yo bay lôt kote pou pèmèt Bon Secours Charity Health System fè travay li, ak pou pasyan nou yo kapab resevwa bon kalite sèvis. Pa egzanp, nou kapab sèvi avèk enfòmasyon medikal nou genyen sou ou pou analize tretman ak sèvis ki fèt yo, oswa pou evalye travay anplwaye k ap okipe w yo, oswa pou gade si w kontan tretman ak/oswa sèvis nou fè pou ou. Nou kapab analize ak/oswa ranmase enfòmasyon medikal pou deside ki lôt sèvis anko, oswa ki lôt swen sante Bon Secours Charity Health System ta dwe kapab ofri, ak ki sèvis yo pa bezwen fè, ak si yon tretman bay bon rezulta. Nou kapab kominike enfòmasyon medikal bay doktè, enfimyè, teknisyen, ak etidyan k ap pran fòmasyon nan Bon Secours Charity Health System, oswa bay lôt anplwaye Bon Secours Charity Health System pou yo analize, oswa pou yo etidye. Nou ka mete enfòmasyon medikal nou genyen ansanm avek enfòmasyon ki soti nan lôt sèvis sante, pou gade ki kalite travay nou, ak pou gade nan kisa nou bezwen amelyore swen ak sèvis nou ofri. Bon Secours Charity Health System ka kominike enfòmasyon bay òganizasyon akreditasyon prive, tankou The Joint Commission, pou òganizasyon sa yo ka akredite l.

**Asosye nan Biznis:** Nou kapab kominike enfòmasyon medikal nou genyen sou ou bay lôt moun ki "asosye nan biznis" nou. Gen asosye nan biznis ki fè pliziè kalite sèvis pou Bon Secours Charity Health System, oswa nan plas nou. Pa egzanp, gen sèvis pou voye bôdwò bay moun, sèvis pou transkripsyon, ak sèvis avoka. Nou mande asosye nan biznis nou yo siyen yon èkò kote yo di yo pral pwoteje enfòmasyon medikal nou genyen sou ou, epi sèvi avèk enfòmasyon sa yo sèlman pou rezon ki fè nou siyen kontra avèk yo, yon jan pou enfòmasyon medikal ou yo byen pwoteje.

**Aktivite pou Ranmase Lajan:** Nou ka kontakte w pou ba ou enfòmasyon sou aktivite Bon Secours Charity Health System patwonne, tankou pwogram avèk aktivite pou ranmase lajan. Ou gen dwa mande pou "retire non w" sou lis pou yove enfòmasyon sou aktivite pou ranmase lajan an, si ou pa vle nou kontakte w pou sa.

**Lis Pasyan Lopital (pou Lopital Sèlman):** Si ou entène lopital, ou gen dwa fè mete non w, ak kote ou ye nan lopital la (tankou nimewo chanm ou, oswa si ou nan sal ijans), ak eta sante jeneral ou (tankou sante mwayenn, kondisyon estab, elatriye), ak afilyasyon relijyon w nan Lis Pasyan Lopital la. Sòf enfòmasyon sou afilyasyon relijyon w, nou kapab kominike enfòmasyon nan Lis Pasyan an bay moun ki mande pou ou avèk non w, pou pèmèt fanmi w, zanmi w, ak representan relijyon ki vin wè w rive jennou ou nan lopital la, epi pou yo ka konnen kouman eta sante w ye. Nou ka kominike enfòmasyon sou afilyasyon relijyon w ak lôt enfòmasyon nan Lis Pasyan an bay representant relijyon, tankou pè, pastè, oswa raben mènmi si yo pa di non w lè yo mande pou ou. Si ou gen pwoblèm pou yo mete nenpòt nan enfòmasyon sa yo nan Lis Pasyan Lopital la, ou dwe di moun k ap okipe w nan Bon Secours Charity Health System la, pou yo ka retire enfòmasyon sou ou nan Lis Pasyan an.

**Moun k ap Okipe w oswa k ap Travay nan Peman pou Swen ou Resevwa:** Sòf si ou di nou pa bay enfòmasyon yo, nou ka bay nenpòt moun ki ka ede nan tretman w, tankou zanmi w, moun nan fanmi w, oswa nenpòt ki lôt moun ou pèmèt, enfòmasyon medikal nou genyen sou ou. Nou ka kominike enfòmasyon sa yo tou bay moun ki ka ede peye pou tretman w. Epitou, nou ka kominike enfòmasyon sou ou bay representant legal ou. Si yon moun gen otorizasyon legal pou pran desizyon sou sante w, Bon Secours Charity Health System ap nòmalm an trete representant legal sa a menm jan li ta trete w, sou kesyon enfòmasyon medikal nou genyen sou ou. Paron ak moun ki legalman responsab yo minè, konsidere nòmalmank tankou representant legal li, sòf si se yon minè lalwa pèmèt aji sou pwòp non li, ak pran desizyon medikal nan kèk sikontans lalwa rekonnèt.

**Rechèch:** Nou kapab sèvi avèk enfòmasyon medikal nou genyen sou ou, oswa kominike yo bay lôt kote pou kèk objektif rechèch, drepé kondisyon ki nan lwa ki aplikab nan nivo federal ak nan Eta a. Men sèlman, tout pwoje rechèch yo dwe pase nan yon pwoesi otorizasyon espesyal, ki tabli prekson pou garanti enfòmasyon medikal ou yo pral kontinye pwoteje. Si sa nesesè, n ap mande w otorizasyon ekri anvan nou sèvi avèk enfòmasyon medikal nou genyen sou ou pou fè rechèch.

**Dapre jan Lalwa Mande oswa Otorize sa:** N ap bay enfòmasyon medikal nou genyen sou ou lè lalwa federal oswa lalwa nan Eta a mande nou sa. Nan pami sikontans sa yo kapab genyen, san se pa sa sèlman, kominike dosye lalwa mande pou bay sou pasyan, tankou fè rapò bay FDA sou move reyakson ki soti nan sèvi avèk aparey medikal, oswa nan manje, oswa nan medikaman doktè preskri. Nou kapab kominike enfòmasyon medikal nou genyen sou ou tou bay ajans k ap sipèvize aktivite sou sante, lè lalwa otorize sa. Nan pami aktivite y ap sipèvize sa yo, kapab genyen otorizasyon pou lisans, ak lôt aktivite gouvenèman, ak ajans ki bay lisans, ak ajans odit ak akreditasyon, drepé sa lalwa mande oswa otorize. Nou ka kominike enfòmasyon medikal nou genyen sou ou pou yo fè aktivite sante, tankou prevansyon oswa kontwòl epidemi, aksidan, oswa malè ki ka andikape moun; fè rapò sou nesans ak sou lanmò; rapò sou neglijans oswa abi sou timoun; oswa rapò sou moun ki kapab kontamine apre li kontre ak yon maladi oswa yon sikontans ki gen danje konsa. Nou kapab bay enfòmasyon pou ede lapolis fè travay li, dapre jan lalwa mande oswa pou reponn yon demann valab, oswa yon sitasyon, yon lòd tribal, oubyen lôt pwoesi konsa.

**Pwoesi Legal, Pwoesi, ak Lôt Aksyon devan Lalwa:** Nou kapab kominike enfòmasyon medikal nou genyen sou ou bay tribal, avoka, anplwaye tribal, ak lôt moun si gen yon jij ki mande sa, oswa yon demann tribal, yon demann pou ankèt, yon manda, yon sitasyon, oswa lôt kalite enstriksyon dapre lalwa. Nou kapab kominike enfòmasyon medikal nou genyen sou ou bay avoka Bon Secours Charity Health System ak/oswa bay lôt avoka k ap travay pou Bon Secours Charity Health System, pou defann nou nan yon pwoesi oswa kont yon aksyon devan lajistik.

Nou kapab kominike enfòmasyon medikal nou genyen sou ou, oswa sèvi avèk enfòmasyon yo nan sikonstans espesyal sa yo:

► **Aksyon pou Pote Sekou nan Katastwòf:** Nou kapab kominike enfòmasyon medikal nou genyen sou ou bay yon òganizasyon k ap bay asistans nan yon aksyon pou pote sekou nan katastwòf, pou fè fanmi w konnen kouman ou ye, kisa ki rive w, ak kote ou ye. Si ou pa vèle nou bay enfòmasyon medikal sa yo, ou dwe fè moun k ap okipe w yo konnen, pou nou pa bay enfòmasyon yo sòf si nou oblige fè sa pou reponn yon ka ijans.

► **Pou Anpeche yon Danje Grav kont Sante oubyen Sekrite:** Nou kapab kominike enfòmasyon medikal nou genyen sou ou pou ede anpeche yon danje grav ki imedyat rive pou sante oswa sekrite w, oswa pou sante ak sekrite pilòb la oubyen yon lòt moun.

► **Pou fè Kado Ògàn, oswa Je, oswa lòt Pati nan Kò Moun:** Nou kapab kominike enfòmasyon bay òganizasyon ki okipe transfè ògàn, oswa je, oswa lòt pati nan kò moun, oubyen bay ògàn yo nan yon bank pou ògàn, si sa nesesé pou facilite kado oswa transfè ògàn oswa lòt pati nan kò moun.

► **Militè:** Si ou se yon manm nan lame, ki nan peyi a (Etazini) oswa nan yon peyi etranje, nou kapab kominike enfòmasyon medikal nou genyen sou ou bay otorite militè yo, si lalwa otorize oswa mande sa.

► **Konpansasyon pou Travayè:** Nou kapab kominike enfòmasyon medikal nou genyen sou ou pou konpansasyon travayè, ak pou lòt pwogram konsa, nan jan lalwa otorize.

► **Kowonnè, Egzaminatè Medikal, ak Direktè Ponp Finèb:** Nou kapab kominike enfòmasyon medikal nou genyen sou ou bay yon kowonnè, oswa yon egzaminatè medikal, oswa yon direktè ponp finèb si sa nesesé pou yo kapab fè travay yo.

► **Aktivite pou Sekrite Nasyonnal ak pou Ransèyman:** Nou kapab kominike enfòmasyon medikal nou genyen sou ou bay ofisyèl gouvènman federal ki otorize, oswa pou sèvis kont espyonnaj ak lòt sèvis sekrite, nan jan lalwa mande.

► **Sèvis Pwoteksyon pou Prezidan Etazini ak pou Lòt Moun:** Nou ka deside kominike enfòmasyon medikal nou genyen sou ou bay anplwaye ofisyèl otorize nan gouvènman federal, pou yo kapab mennen ankèt espesyal oswa fè sèvis pwoteksyon pou Prezidan Etazini an, oswa pou lòt moun otorize, oswa pou chef gouvènman etranje, nan jan lalwa otorize.

► **Prizonnye:** Si ou se yon prizonnye nan yon enstitisyon koreksyonnel oubyen ou fèmen nan kachò soukant responsab lajistis yo, nou kapab kominike enfòmasyon medikal nou genyen sou ou bay enstitisyon koreksyonnel oswa bay responsab lajistis yo, nan jan lalwa mande sa.

#### **POU SÈVI AVÈK ENFÒMASYON MEDIKAL KI BEZWEN OTORIZASYON**

**Nòt Psikoterapi:** Nou oblige mande w ba nou yon pèmision ekri anvan nou kominike nòt psikoterapi sou ou, sòf nan kèk sikonstans. Pa egzanp, nou pa bezwen pèmision ekri pou pèmèt, menm moun ki ekri nòt sa yo pou tretman w sèvi avèk nòt yo, ni pou nou sèvi avèk yo oswa kominike yo pou fòmasyon pwofesyonnel sante mantal, ni pou defann Bon Secours Charity Health System nan yon aksyon devan lajistis ou ka pran kont nou.

**Komèsyalizasyon:** Nou oblige mande w pèmision ekri pou nou kapab kominike enfòmasyon medikal nou genyen sou ou, oswa sèvi avèk yo pou komèsyalizasyon, sòf nan kèk sikonstans. Pa egzanp, nou pa bezwen pèmision ekri pou rankont fasafas ki gen aktivite komèsyalizasyon, oswa pou nou bay yon kado ki gen yon valè nominal (tankou yon tas pou bwè kafe), oubyen pou fe konnen pwòp sèvis nou oswa pwòp sa nou vann (pa egzanp, nou ka voye yon kat nan lapòs ba ou pou fe w konnen pral gen yon nouvo chirijien k ap vin travay avèk nou, oswa yon nouvo aparèy radiografi).

**Lavant PHI:** Nou oblige mande w ba nou yon pèmision ekri anvan nou kominike enfòmasyon sou ou bay moun k ap peye pou enfòmasyon sa yo.

#### **Lòt Sikonstans pou Bay oswa Sèvi avèk Enfòmasyon nou Genyen sou ou:**

Si gen lòt jan pou nou bay oswa sèvi avèk enfòmasyon PHI nou genyen sou ou, ki pa parèt nan kategori ki ekri nan Dokiman Enfòmasyon sa a, ni nan lwa, ni nan règleman, ni nan prensip ki aplikab yo, sa pral fèt sèlman si ou bay pèmision oswa otorizasyon ekri pou sa. Si ou ba nou pèmision pou sa, ou gen dwa ànile pèmision an nenpòt kili. Nou pa pral kapab défet anyen nou dejà fè, ni reprann okenn enfòmasyon nou bay dapre otorizasyon ou te dejà ba nou. Nou gen kòm devva pou nou konsève enfòmasyon medikal nou genyen sou ou, sou kesyón swen ak tretman nou fe pou ou.

#### **DWA OU GENYEN SOU ENFÒMASYON MEDIKAL NOU KENBE SOU OU**

Ou gen dwa ki ekri pi ba la yo, sou enfòmasyon medikal nou kenbe sou ou:

**Dwa pou Gade ak Fè Kopi:** Avèk kèk eksépsyon, ou gen dwa gade ak/oswa resevwa yon kopí dosye medikal ak dosye peman w, oubyen nenpòt ki lòt dosye yo sèvi pou pran desizyon sou tretman w. Eksépsyon nan kesyón sa a, se tout nòt psikoterapi, ak enfòmasyon yo pran pou kèk pwosedi legal, epi tout enfòmasyon lalwa defann gade.

Pou gade ak/oswa resevwa yon kopí dosye medikal ou, nou mande pou w remèt yon demann ekri pou sa bay moun ki administre tretman w nan Bon Secours Charity Health System lan, oswa bay dépatman ki kenbe dosye medikal sa yo. Si w mande yon kopí dosye medikal ou, nou ka mande w peye yon lajan rezonnable pou pri pou fe kopí, ak pou voye yo nan lapòs, ak pou kouvrir tout lòt fountini ki maché avèk sa ou mande a. Gen kèk sikonstans ki ka fè nou refize kite w gade oswa kopye dosye w yo, tankou lè nou ta kwé sa ka yon danje pou ou oubyen pou yon lòt moun. Si yo refize pèmèt ou wè enfòmasyon medikal ou, ou gen dwa mande pou yon lòt pwofesyonnel sante ki gen lisans retounen gade rezon refi a. Lè sa a, n ap aksepte desizyon moun sa a.

**Dwa pou w Mande yon Koreksyon:** Si ou kwé enfòmasyon medikal nou genyen sou ou yo gen erè, oubyen yo manke ladan yo, ou ka mande nou koriye enfòmasyon yo, depi yo pral rete nan dosye medikal ak dosye peman w nan men Bon Secours Charity Health System. Pou mande fe koreksyon, ou dwe voye yon demann ekri, epi bay rezon ou mande fe koreksyon an. Si ou n ap aksepte fe sa ou mande a, n ap koriye dosye w, epi n ap fe w konnen. Gen sikonstans ki ka anpeche nou retire sa ki dejà nan dosye a (yo), men nou ka mete lòt enfòmasyon anplis pou fe tout bagay pi klè. Si nou refize fe koreksyon ou mande a, n ap voye yon nòt ekri ba ou pou fe w konnen rezon nou refize a, ak pou esplike w ki sa ou gen dwa fe.

**Dwa pou w Konnen ki Enfòmasyon nou Bay sou ou:** Ou gen dwa mande ak resevwa yon lis ki montre enfòmasyon nou bay sou dosye medikal ou pandan sisan ki fenk pase yo. Pou mande sa, ou dwe voye yon demann ekri bay Responsab Pwoteksyon Enfòmasyon Konfidansyèl la (Privacy Officer). Ou dwe di pou ki peryòd ou bezwen enfòmasyon sa yo, ki pa dwe kouvrir plis pase sisan, epi ki pa dwe rive pi lwen pase sisan anvan dat ou fe demann lan. Ou dwe fe konnen si ou pito resevwa lis la sou papye oubyen sou fòm elektwonnik. Premye rapò konsa ou resevwa pandan yon peryòd 12 mwa ap gratis. Si w fè lòt demann pandan memm peryòd la, nou ka mande w peye nenpòt lajan pou sa. N ap fe w konnen konbyen sa pral koute, anvan nou mande w peye nenpòt lajan pou sa. Lè sa a, w ap kapab ànile oswa chanje demann ou fe a.

**Dwa pou w Mande Restrikson:** Ou gen dwa mande pou nou mete restrikson oubyen limit sou enfòmasyon medikal nou sèvi avèk yo, oubyen nou kominike sou treteman w, sou peman nou resevwa pou ou, oswa swen sante nou ba ou. Yon lòt dwa ankò ou genyen, se mande pou nou mete limit sou enfòmasyon medikal nou kominike sou ou bay yon moun k ap patisipe nan tretman w, oubyen k ap peye pou tretman w, tankou yon moun nan fannmi w oswa yon zanmi w. Pa egzanp, ou ka mande pou nou pa kominike enfòmasyon bay yon moun nan fanmi w sou yon operasyon ou fe. Si nou aksepte fe sa ou mande a, n ap fe li sòf si li nesesé pou nou bay enfòmasyon an pou fe yon tretman ijans pou ou, oubyen si lalwa oblige nou bay li. Nou pa oblige aksepte fe sa ou mande a, sòf si se yon enfòmasyon yo mande pou yon plan sante pou zafè peman oswa pou swen sante plan an ap bay, epi enfòmasyon an sèlman arrapò avèk yon atik pou sante oswa yon sévis ou deja fin peye nou pou li avèk pwòp lajan w. Pa egzanp, si yon pasyan yon chiriji kosmetik epi li peye avèk pwòp lajan I, nou pa pral voye okenn reklamasyon bay konpayi asirans lan si pasyan an mande sa. Pou mande yon restrikson, ou dwe fe yon demann ekri, epi ou dwe di nou (1) ki enfòmasyon ou vle limite, (2) si ou vle limite enfòmasyon nou ka sèvi oswa enfòmasyon nou ka bay, oswa toude, epi (3) pou ki moun oswa ki kote ou vle ou limite enfòmasyon yo, tankou, pa egzanp, moun ou marye a. Nou gen dwa ànile yon restrikson, depi nou fe w konnen sa. Si nou ànile yon restrikson, ànilasyon an ap sèlman aplikab pou enfòmasyon medikal nou te pran oubyen resevwa apre nou te anone se ànilasyon an.

**Dwa pou w Mande Komunikasyon Konfidansyèl:** Ou gen dwa di nan ki mwayen ou vle pou nou kominike avèk ou sou kesyón medikal, oubyen nan ki kote. Pa egzanp, ou gen dwa mande pou nou kontakte w sèlman lakay ou, oswa na kourye lapòs. Si gen yon jan ou vle chwazi pou nou kominike avèk ou, ou dwe ba nou detay klè sou jan ou vle nou kontakte ou, avèk yon adres pèrmanent ki valab. Nou pa pral mande w rezon ou vle nou fe sa, epi n ap fe sa nou kapab pou satisfie w si demand lan rezonnable. Men sèlman, si nou pa kapab kontakte w avèk mwayen oswa nan kote ou mande a, nou ka sèvi avèk lòt enfòmasyon nou genyen pou kontakte w.

**Dwa pou w Mande yon Kopi Enfòmasyon sa yo sou Papye:** Ou gen dwa mande epi resevwa yon kopí enfòmasyon sa yo sou papye nenpòt kili, menm si ou te di, anvan sa, ou aksepte resevwa enfòmasyon yo nan yon dokiman elektwonnik. Ou ka jwenn kopí dokiman sa a toupataou nan Bon Secours Charity Health System, oubyen ou mèt kontakte Responsab Pwoteksyon Enfòmasyon Konfidansyèl nan Bon Secours Charity Health System lan.

#### **CHANJMAN NAN DOKIMAN ENFÒMASYON SA A**

Nou rezève dwa pou nou chanje ni dokiman enfòmasyon sa a, ni metòd pou pwoteksyon enfòmasyon konfidansyèl nou sevi nan Bon Secours Charity Health System yo. Nou rezève dwa pou nou deklare dokiman enfòmasyon nou chanje a aplikab pou enfòmasyon medikal nou deja genyen sou ou, menm jan ak pou tout lòt enfòmasyon nou pral resevwa pi ta. Nou pral afiche yon kopí dokiman enfòmasyon sa a sou sit entènèt Bon Secours Charity Health Systems la, nan adres <http://bschs.bonsecours.com>.

#### **POU POZE KESYON OSWA POTE PLENT**

Si ou gen kesyón, oubyen si w kwè yo voile dwa w pou entimite w, ou mèt depoze yon plent nan Bon Secours Charity Health System oswa nan biwo Sekretè Depatman pou Sante ak Sèvis Imen an (Secretary of the Department of Health and Human Services). Pou depoze yon plent nan Bon Secours Charity Health System, kontakte Responsab Pwoteksyon Enfòmasyon Konfidansyèl la. **Pa gen okenn sanksyon yo pral pran kont ou paske ou depoze yon plent.**

#### **Adrès**

Men adres Responsab Pwoteksyon Enfòmasyon Konfidansyèl nan Bon Secours Charity Health System lan:

Office of the Corporate Responsibility and Privacy Officer  
255 Lafayette Ave., 2nd Floor Administration  
Suffern, NY 10501

Men adres Responsab Pwoteksyon Enfòmasyon Konfidansyèl nan Biwo Santral la:  
1505 Marriottsville Road  
Marriottsville, MD 21104

Men adres Depatman pou Sante ak Sèvis Imen an:  
The U.S. Department of Health and Human Services  
200 Independence Avenue, S.W.  
Washington, DC 20201

Dokiman Enfòmasyon sa a anvige depi 23 oktòb 2013,  
epi li ranplase lòt dokiman enfòmasyon ki te piblique anvan li.



**Good Help to Those in Need®**